

# Konsènan Tès COVID-19

Si w gen sentòm oswa ou te an kontak sere ak yon moun ki gen COVID-19, fè tès la se yon fason enpòtan pou pwoteje fanmi w, zanmi w ak kominote w la. Tès antijèn lakay se fason ki pi pratik pou teste pou COVID-19.

## Kesyon yo poze souvan sou tès COVID-19

### Kilè e poukisa

#### Kilès ki ta dwe fè tès pou COVID-19?

Nou rekòmande ou fè tès pou COVID-19 si ou gen [sentòm](#) oswa si ou te an [kontak sere](#) ak yon moun ki gen COVID-19. Tès lakay pa antijèn se de pli zan pli fason ki pi pratik pou teste pou COVID-19.

### Tès Lakay yo

#### Kouman mwen ka jwenn yon twous tès antijèn pou lakay?

Ou ka achte tès antijèn COVID-19 pou lakay nan anpil famasi ki detaye oswa sou Entènèt. Anba a gen kèk opsyon pou w al pran oswa kòmande tès COVID-19:

- [Resous pou Tès COVID-19 – Chèche pa Eta](#)
- [Twous Tès COVID pou Lakay – CVS Pharmacy](#)
- [Tès ak Sit pou COVID-19 | Walgreens Find Care](#)
- Tès COVID-19 yo - [Amazon.com](#)
- Nou gen kamyonèt kominotè tou ki ofri tès COVID-19 limite nan kèk jou ak lè; randevou pa nesesè. Tanpri [gade orè a](#) pou ki lè nou pral nan katye w la

#### Mwen te teste pozitif lakay mwen. Èske mwen bezwen fè yon tès PCR?

Si w itilize yon twous pou fè tès lakay ou epi w teste pozitif, ou gen COVID-19. **Ou pa bezwen yon tès PCR pou konfimasyon.** Tanpri kòmanse [izole lakay](#) ou imedyatman epi notifiye kontak pwòch ou yo sou tès pozitif ou a. Gid sa a ka chanje avèk letan depann de kantite COVID genyen nan kominote nou an.

#### Mwen te teste negatif apre yon ekspozisyon. Kisa mwen ta dwe fè?

Si ou te jwenn yon rezilta negatif avèk tès ou fè lakay ou, swiv [direktiv aktyèl yo](#) pou karantèn ak lòt tès yo. Si ou devlope [sentòm](#), ou ta dwe fè tès ankò. Si yon tès antijèn pou lakay negatif epi ou gen sentòm, ekspè sante piblik rekòmande pou teste tèt ou ankò ak yon tès lakay apre yon jou konsa, oswa fè yon tès PCR.

## Teste pozitif

### Èske mwen gen gwo risk pou COVID-19 grav?

Kondisyon ki gen gwo risk pou COVID-19 grav gen ladann moun k ap sibi tretman pou kansè, moun k ap pran medikaman pou transplantasyon aktyèlman, oswa medikaman iminosipresan pou lòt kondisyon. Lòt kondisyon ki gen gwo risk, ki gen ladann yo maladi kwonik nan poumon, ren oswa fwa, dyabèt; VIH, obezite, ak laj 65 oswa plis, ka mete ou nan plis risk pou sentòm COVID-19 oswa grip pi grav toujou. [CDC a gen plis enfòmasyon.](#)

Si w gen youn oswa plizyè kondisyon sante ki mete w nan gwo risk pou COVID-19 grav, ou ka elijib pou [tretman COVID-19 pou pasyan ekstèn](#) si w gen COVID-19.

### Mwen teste pozitif. Mwen pa nan gwo risk pou maladi grav men sentòm mwen yo enkyete m. Kisa pou m fè?

- Si ou teste pozitif epi ou gen sentòm lejè, rete lakay ou epi izole tèt ou.
- Si ou gen sentòm modere, rele doktè-w la.
- Si ou gen sentòm grav, ale nan sal dijans.

### [Li plis sou sa ou ta dwe fè si ou teste pozitif](#)

### Mwen te teste pozitif epi mwen gen gwo risk pou maladi grav. Sentòm mwen yo enkyete m. Kisa mwen ta dwe fè?

- Si w gen gwo risk pou [maladi grav](#), lè sa a ou ta dwe swa kontakte biwo doktè w pou mande sou tretman COVID-19 oswa itilize [randevou telesante gratis](#) ki disponib nan Depatman Sante Piblik Massachusetts. Randevou yo disponib ant 8 am ak 10 pm.
- Si w ap viv nan yon lòt eta, tankou New Hampshire, ou ka [itilize lokalizasyon tretman nasyonal la pou jwenn kote yo.](#)

*Mizajou 28 avril 2023*